

Eta New York

Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans

Enfòmasyon pou lokatè ak pwopriyetè pwopriyete yo – Lis kontwòl dokiman

Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans Eta New York (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) la ede fwaye ki elijib yo ki an reta sou Iwaye yo epi ki te fè fas ak difikilite finansye akòz COVID-19 epi ki riske pou yo sanzabri oswa nan enstabilite lojman.

Lè y ap aplike, lokatè yo ak pwopriyetè yo pral bezwen bay:

- **Fòmilè taks W-9 (W-9 tax form)** lè yo antre enfòmasyon sa a nan Kont Pwopriyetè a nan pòtal ERAP la.
- **Kontra Iwaye ki Siyen** avèk aplikan lokatè a, oswa si pa gen okenn kontra Iwaye ekri, yon chèk anile, prèv transfè lajan oswa lòt dokiman sou dènye peman konplè Iwaye a chak mwa a. Telechaje paj kontra-Iwaye a pou enkli omwen adrès inite a, lokatè ki nan kontra Iwaye a, obligasyon lokasyon chak mwa, ak paj siyati a.
- **Dokimantasyon Iwaye li dwe** a ki soti nan men lokatè a lè li telechaje yon fòmilè konfirmasyon Iwaye oswa yon rejis mansyèl ki idantifye kantite lajan li dwe pou lokasyon an chak mwa. Pa enkli peman ki pa atribiye ak Iwaye tankou frè an reta oswa frè pakin.
- **Enfòmasyon bankè** lè yo antre enfòmasyon nan depo dirèk nan Kont Pwopriyetè a nan pòtal ERAP la.
- Si sa aplikab, afidavi pwopriyetè a oswa akò ki siyen ki deziyen konpayi/ajan jesyon pwopriyete a kòm benefisyè otorize pou fon ERAP yo.

Pwopriyetè pwopriyete a oswa yon konpayi jesyon pwopriyete ki otorize pral oblige siyen fòmilè aplikasyon an ak sètifikasi ki asosye ki dakò ke enfòmasyon yo bay la, ki gen ladan kantite lajan aryere yo dwe pou lokasyon, egzat epi li pa diplike yon peman ou te resevwa nan yon lòt pwogram.

Pwopriyetè pwopriyete a oswa konpayi jesyon pwopriyete ki otorize a dwe dakò tou ak tèm sa yo kòm yon kondisyon pou aksepte peman aryere pou lokasyon:

- Peman ERAP la satisfè obligasyon Iwaye konplè lokatè a lokasyon pou peryòd tan ki kouvri nan peman an.
- Anile nenpòt frè reta ke yo dwe sou nenpòt aryere Iwaye ki kouvri pa peman ERAP la.
- Pa ogmante montan Iwaye mansyèl la pi wo pase montan mansyèl ke ou dwe nan moman aplikasyon pou asistans ERAP pou mwa ke ou te resevwa asistans lokasyon ak pandan yon ane depi ou te resevwa peman ERAP la.
- Pa ekspilse fwaye ke yo fè peman ERAP la sou non li an pou rezon lokasyon ekspire oswa lokatè ki rete pou yon ane apre kontra apre yo resevwa peman ERAP la. Yo dwe fè yon eksepsyon nan kondisyon sa a si inite abitasyon an gen kat inite oswa mwens epi pwopriyetè pwopriyete a oswa manm fanmi imeda pwopriyetè a gen entansyon okipe inite a imedyatman pou li itilize kòm yon rezidans prensipal.